Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA
sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
½ „ . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie:**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

WARA-WARA

Para lengganan sami kaèngetaken: sakedap malih sampoen ngantjik

KWARTAAL IV.

Kita njoewoen kanti taklim moegi pandjenengan sadaja sami merlokaken toemoenten maringi arta lengganan Sw. Tm.

Administratie Sw. Tm.

LARASATI

Saos atoer.

Amrih „Larasati" sampoen ngantos santoen salaga malih dados „Sirkandi mangsah joeda",. koela boten badé tiroe-tiroe mevr. C. S. Atmasoedarma, ingkang anggènipoen ngrontjé namoeng nglenggahi kagoengan sedya madjeng, ladjeng adedasar kirang prajogi. Poenika boten namoeng katitik saking isining goebahan kémawon, ananging inggih katjeta saking tanda asta „wanita Indonésia". Ingkang leres kita poenika kedah ngatingalaken Katoelikipoen roemijin, ladjeng mangké sanèsipoen ingkang boten tjengkah kalijan kaantepan Katoelik[1]). Kemadjenganipoen (actie) wanita, ingkang dados rembag dedreg poenika wosipoen rak namoeng badé ngarah dradjading wanita: liripoen, soepados wanita loewara saking kawontenan ing djaman roemijin lan sapoenika, ingkang kirang prajogi, soepados wanita dipoenanggepa sisihanipoen prija, sampoen namoeng kanggé tambal boetoeh kémawon. Sapoenika koela njoewoen priksa: poenapa kawontenan makaten poenika sampoen boten kaleksanan ing djagad Katoelik? Poenapa prija Katoelik sampoen boten saé roemeksa lan pamengkoenipoen dateng ingkang raji? Poenapa wanita dèrèng roemaos sakétja wonten wewengkonipoen prija ingkang soemerep ing wadjib? Lan sadèrèk koela Katoelik temtoe priksa poenapa ingkang dados koewadjibanipoen. Oepami wonten satoenggal kalih ingkang dèrèng mbak sreg panggalihipoen (margi kirang sabar sarèh, soepé sakedap bab sanggi-sinanggi) poenapa poenika boten kénging dipoenwastani njebal angger? Margi satoenggal kalih ingkang dèrèng tentrem, ladjeng sadaja inggih kanggep dèrèng kaleksanan ing sedya? Sadaja wanita ladjeng kanggep dèrèng doemoegi dradjadipoen? Temtoe boten.

Kawontenan ingkang kadjèrèng ing karanganipoen Mevr. Atmasoedarma ngantos pandjang lébar poenika toemindakipoen ing djaman poendi? Inggih leres nagari Tjina lan sanèsipoen, ananging djagad poenapa? Djagad Katoelik? Oepami bab laré dipoenboetjal?

Ing Joenani (Griekenland) poenika kerep kalampahan, nanging djaman ngadjengaken Sang Kristoes rawoeh. Ing tanah Tjina sapoenika boten kirang lelampahan makaten poenika. Tijang Katoelik ingkang nindakaken?

Kanggénipoen koela *(wanita kolot, wanita ora ngerti pa bèngkong)* ngèngeti koewadjibaning wanita Katoelik, sadaja-sadaja koela laras mawi piwoelang Katoelik. Aloewoeng bodo, kolot, ora ngerti pa bèngkong, nanging soepeket lan raket ing Goesti, katimbang pinter, dadi Burgemeester, djempolan wanita, mbokmanawi katjeloek ing sadjagad, nanging lali marang kaantepan Katoelik. Toemrap koela *(wanita kolot mono)* Katoelik koela ewrataken katimbang poenapa kémawon. (Temtoe kémawon ingkang tjengkah kalijan Katoelik). Badé poenapa-poenapa awewaton Katoelik, boten awewaton neutraal. Manawi neutraal waoe wonten leresipoen? Poenapa poenika boten katjakoep ing Katoelik? Rubriek „Larasati" migoenani sanget; bab samining wanita kalijan prija sampoen karembag sad. A. Swasti Astoetilah.

Prakawis wanita badé madjeng ing sadjawining grija, kados sampoen tjekap tjèntanganipoen rama redacteur. Namoeng manawi kaslepek, jèn dipoenpresentage prasasat sakedik; sadasa oepaminipoen katanding maèwoe-èwoe, la pinten poenika?

Mevr. Atmasoedarma mendet oepami Praboe Kenja. Wé, la, sebab rèmèh poenika. Tijang namoeng satoenggal katanding kalijan pinten, ratoe kakoeng? Anggèn koela matoer satoenggal poenika, déné sad. C. Atmasoedarma kok namoeng mastani satoenggal. Poenapa boten priksa sanèsipoen? Poenika pandjenengan moendoet babad poenapa dongèng? Djoemeneng taoen pinten sang Praboe Kenja poenika? boten priksa? *Koela wanita kolot soemerep*, manoet babadipoen, toer kaserat mawi basanipoen tijang kina *(wong akoe wanita kolot);* dados katah èmperipoen katimbang kalijan wonten Radèn Pandji poenapa. Poenika rak sampoen tjampoer-bawoer, dioendaki ija dielongi. Kepéngin priksa? *Koela wanita kolot kok*, mangké katoelaran.

Makaten ta; soepados koela sampoen namoeng adol oemoek, kekandan ngajawara, sombong sagelemgelem, koela seratipoen, nanging boten sadaja, mindak kepandjangen, namoeng ingkang perloe kanggé nerangaken, jèn koela boten pisanpisan badé ngetingalaken kolot koela.

Praboe Kenja poenika asmanipoen Bhre Kahuripan II, raji Jayanagara ratoe ing Madjapait. Sareng sang Praboe séda (Pandjenengan priksa kados-poendi sédanipoen? Mati ja mati, apa mati ikoe oerip. Lo!!!! sebab poenapa?) ingkang nggentosi raji dalem (Bhre Kahuripan II) awit boten kagoengan pangéran pati; lan poetra sanès oegi boten kagoengan, awit dèrèng krama. (Sebab poenapa kok dèrèng krama, pandjenengan ngertos?) (Bhre Kahuripan istri prabhu i çaka çunya-wisaya-paksa-bhumi. Warsa pinten poenika, pandjenengan priksa?) Sang poetri teroes apala krama moendoet garwa R. Cakradara. (Lo, kok boten garwa roemijin nalika raka dalem taksih djoemeneng ratoe? Pandjenengan priksa sebabipoen? *Koela wanita kolot soemerep;* poenika lo. Sami tan sinung akramaha ri len, ayun alapĕn piyambĕk. ÉÉÉÉÉÉ, rajiné djaré arep dipoendoet garwa!!!! Lo, nginggil dèrèng koela atoeraken, jèn poenika raji sanès iboe, toer wonten kalih, mila ing nginggil kaserat „*sami* tan sinung . . . . . ."[2])

Sareng sampoen nem taoen anggènipoen namboet titahing ngakrama, Sang praboe Kenja kagoengan poetra kakoeng pembadjeng. Sinten poenika? pandjenengan priksa? *Koela wanita kolot soemerep.* Poetranipoen i. p. R. Tetep inggih Hayam-Wuruk ratoe binatara ing Madjapait. Sareng pandjenenganipoen kagalih sampoen saged ngasta pangrèhing pradja (joeswa pinten pandjenengan priksa? *(Koela wanita kolot inggih soemerep)* inggih ladjeng kadawoehan lenggah ing dampar kentjana déning ingkang iboe, kok boten ingkang iboe ladjeng ngétja-étja lenggah ing dampar kaprabon.

Praboe Kenja ingkang nomer kalih i. p. Dèwi Suhita, poetra poetri Hyang Wiçesa. Sebab poenapa sang Dèwi djoemeneng ratoe? nggentosi ingkang rama? Sebab poetri Indonésiah? Sebab dados djempolan? boten; sebab kaslepek, awit ingkang rama dados bagawan, mangka boten kagoengan poetra sanès. Ananging sareng ing béndjing wonten haroe-hara, la, Hyang Wiçesa kapeksa madeg ratoe malih.

Sadèrèng sasampoenipoen, Mevr. koela inggih badé ngoedi saged koela dados wanita modern lan sadèrèk koela wanita makatena oegi, nanging ingkang tansah nglenggahi kaantepan Katoelik. Déné bab wanita kolot, naraka katoet, swarga noenoet poenika waton katoelik boten wonten; awit sanadjan kolot temtoe soemerep lan ngakeni, jèn boten tjawé-tjawé pijambak temtoe boten badé kadoemoegèn ing sedya. (Swarga). (Makaten poenika sampoen soepé? o, mesakaké ané!!!!).

Poetoesaning rembag kénging koela poentes samanten kémawon, selak poentangisi wanita koela Indonésia in de wieg, toer bapakipoen tolé sampoen: „boené, galo anaké tangi." Noewoen namoeng poenika.

C. Wastitilah.

[1]). Poenapa nama wanita Indonésijah tjengkah kalijan kaantepan Katoelik? - boten, nanging manawi dipoennomeraken satoenggal, boten kénging. C. W.

[2]). Kados atoer koela nginggil, mindak kepandjangen. C. W.

WANITA LAN POLITIEK.

Ratoe poetri kasboet, mila kénging dipoenalembana, anggènipoen boten koetjiwa nindakaken pangrèhing pradja; ananging ingkang makaten poenika boten ladjeng kanggé ngoemoemaken, manawi tijang èstri kedah mlebet ing madyaning kapolitikan. Sebab kawontenan ing nginggil poenika namoeng manawi kapèpèt, boten wonten sanès toer radja poetri waoe kedah ondjo seserepanipoen, mrantasi kanggé pandamelan waoe. Sinten ingkang badé gadah pamanggih, bilih tijang èstri poenika tatag-teteg, kijat, tadjem ing kapoeroenan, djendjem ing rembag? Mangka watak makaten poenika perloe sanget kanggénipoen pangageng pradja, awit kerep kémawon ngrembag kabetahaning tijang majoeta-joeta. Tijang djaler pamawasipoen adedasar wewaton, tijang èstri adedasar katresnan; ingkang boten dipoentresnani, inggih prasasat boten dipoenkanggèkaken. Ananging tijang èstri poenika watak aloes, djatmika (zedig) remen tetoeloeng lan welasan; poenika ingkang dados rerengganipoen sadaja wanita, lan sagedipoen soeboer lan awoh matoekipoen inggih wonten ing salebeting grija. Saoepami kawontenanipoen tijang èstri sami kalijan tijang djaler, éwasamanten meksa katah pakèwedipoen kados ingkang sampoen koela atoeraken ing Sw.Tm. minggoe kapengker.

e. „Samangké sampoen katah tijang èstri ingkang madjeng ing gesang sesarengan (maatschappij). Katah ingkang sampoen nglenggahi kamadjengan, oegi dipoenkeploki para prija amrih saged énggal adjengipoen ing bab economie lan social. Poenapa makaten poenika dédé marginipoen dateng kapolitikan? Temtoe kémawon. Mila tijang èstri kedah kawenangaken angsal vrouwenkiesrecht."

Satléraman sebab ing nginggil poenika kados ngemoe leres sakedik; ananging manawi dipoentamataken ngantos tlesih, teka boten. Mila jektos tijang èstri saged toemoet wonten ing babagan economie lan social. Sampoen katah ingkang apangkat, toer pandamelanipoen saé-saé. Ananging poenapa ladjeng saged nglenggahi sadaja pangkat? Saèstoe boten. Awit manawi makaten, ladjeng badé ngarah dateng sami babar pisan, ing lebet lan djawining grija (absolute gelijkstelling); mangka prakawis poenika boten saged, kados ingkang sampoen koela atoeraken ing Sw. Tm. No. 24 lan tjandakipoen.

4. Panimbang.

Ing woesana manawi dipoentlesihaken sanget, mila namoeng sakedik tjatjahipoen tijang èstri ingkang madjeng dateng vrouwenkiesrecht. Ingkang katah-katah boten ngrembag bab poenika, wontenipoen namoeng kèndel kémawon. Déné ingkang koemedah-kedah anggadahi vrouwenkiesrecht telas memanahanipoen, sampoen tobat, awit prasasat tanpa paédah pendamelanipoen sadaja, witjantenipoen: „pirang-pirang taoen enggonkoe ngarah bisané bangsakoe wanita ketoeroetan karepé, diwenangaké milih lan kena dipilih. Ananging keprijé saiki kedadéjané? Oeripkoe kaja ora ana goenané mengkono. Kangèlankoe moespra, tanpa paédah."

Déné menggahing vrouwenkiesrecht ing tanah Éropah ing sapoenika sampoen nama oemoem, poenika boten margi saking katahing panglamar, boten sebab tijang èstri betah (boetoeh) vrouwenkiesrecht.

Nalika ing Nagari Walandi kawontenaken vrouwenkiesrecht, Mr. Treub apitakèn: „Poenapa djagad ladjeng badé langkoeng saé lan rahardja, tijang badé langkoeng sakétja, gesang sesarengan (maatschappij) langkoeng kagatosaken? Koela kirang priksa; déné tanda jektinipoen sakedik kémawon dèrèng katingal. Tijang samanten katahipoen (tijang èstri ingkang kawenangaken milih) boten badé saged oeroen rembag awit saking boten gadahipoen rembag pijambak."

Wawasan ing nginggil kados sampoen tjekap sanget kanggé ngrembag gandèngipoen tijang èstri kalijan politiek. Dinten wingking ngrembag no. IV, „wadjibipoen tijang èstri ing babagan social."

A. SWASTI ASTOETILAH.

PRADJA RAHAJOE.

NGOENGKOELI KAPITALIST.

Kapitalist poenika poenapa ta? Inggih poenika tijang ingkang gadah kapitaal (arta oetawi barang ingkang moeroegaken njoekani pamedal, kadosdéné machine kanggé nglampahaken baita poenika kagolong kapitaal), nanging anggènipoen pados kaoentoengan manoet ngèlmoe liberalisme, inggih poenika namoeng mikir badanipoen pijambak. Golongan berah namoeng dipoenanggep barang, dados jèn pepadjenganipoen ing peken medak, épahaning poen berah inggih kedah medak, jèn pepadjengan minggah, épahaning poen berah boten minggah.

Kapitalist poenika soegih, ngedegaken pabrik-pabrik, nanging boten angger tijang soegih oetawi gadah pabrik ladjeng nama kapitalist. Kapitaal oetawi arta poenika perloe toemrapipoen bangsa. Dados jèn tijang nganggé artanipoen kanggé ngedegaken pabrik, amoerih adjeng lang rahadjenging bangsa oetawi pradja, poenika saé. Oepami bangsa kita Indonésiah ingkang soegih-soegih poeroen ngetjakaken poenika, bokmanawi tanah Indonésiah énggal moeloek.

Kita kedah nandingi kapitalist (pangarahipoen, dédé tijangipoen), sarana ngoedi soepados kaoem berah dipoenanggep manoengsa, ladjeng angsal épahan lan pangrengkoeh ingkang tjotjog lan kamanoengsanipoen.

Katah tijang ingkang bengak-bengok badé njirnakaken kapitalist, malah saking kirangipoen nalar, sadaja tijang soegih dipoenéwakaken kapitalist. Nanging tetijang waoe kasoepèn, jèn wonten ingkang ngoengkoeli kapitalist inggih poenika lintah darat, djalaran koeli, prijantoen, djempolan sami katémpélan.

Lintah poenika jèn toemèmplèk ing badan, tijangipoen boten kraos. Soemerep-soemerep mangké jèn sampoen minti-minti margi saking anggènipoen njerot rah.

Lintah darat: makaten oegi. Tijang njamboet jatra kalih dasa, dipoenajem-ajemi: kena nitjil saka satitik. Lami-lami samboetan dalah rèntenan dados satoes, oetawi kedah ambajar rèntenan kémawon, jèn babon dèrèng dipoensahi.

Atoesan malah éwon tijang ingkang pedjah (panggesanganipoen) margi dipoentèmplèki lintah darat.

Katah tijang ingkang babar pisan boten ngertos dateng moetawatosipoen lintah darat. Lintah darat poenika angèl tjepeng-tjepenganipoen (kéngingipoen kaoekoemaken), djalaran saged nginggati poenapa ingkang kaseboet ing strafwetboek. Sanadjan djaksa ngertos: ikoe genah lintah darat, éwasamanten dèrèng saged ngoekoem, amargi dèrèng kénging kawastanan nerak angger.

Mila prajoginipoen namoeng kasingkiran 1e. sarana boten njenjamboet; sampoen énggal-énggal memoendoet jèn boten perloe, kados pangandikanipoen sadèrèk S. ing Sw. Tama. ingkang kapengker. Ingkang oetami poenika: njèlèngi woedjoed arta. 2e ngwontenaken pakempalan Anti-woeker, kanggé mitoeloengi tijang ingkang sampoen tanpa daja margi kaserot ing lintah darat. 3e jèn meksa badé njenjamboet (padatan njenjamboet poenika awon, nanging awon sami awon terkadang boten sami awonipoen), prajogi ngwontenaken pakempalan njimpen arta roemijin. Para warga jèn betah, njamboet ing ngrikoe mawi rèntenan sakedik. Rèntenan waoe ngiras kanggè ngagengaken kapitaal.

Manawi lintah darat saged soeda oetawi itjal, mangké rak katah tijang Indonésiah ingkang lema-lema (tjekap oetawi soegih).

poen P. D.

SAKING PAKEMPALAN.

MARDI LARAS.

1. Margi saking rékadajanipoen gotrah Katholiek ing Wedi (Klatèn) saged kaleksanan ngawontenaken pakempalan kanamakaken „MARDI LARAS." Toedjoeanipoen M. L. sinaoe: gending sanaboehipoen, sekar ageng, tengahan lan sekar alit, bawa lan gérong.

2. M. L. oegi gadah pangrèh: Pangarsa sad. *A. Soedarma* panitra sad. *A. Dramawardaja* hartaka no. 1. sad. *Wignjasoewarna*, hartaka no. 2. sad. *P. Natawidarsa* warga noepiksa: sad.: 1 Mangoensoewarna 2 Martawiratma 3 Jasawiratma. Djoeroe rembag sad. *N. Tjakraatmadja;* pangajoman sad. *Kramapawira*. Wiwitipoen madeg kala Juni 1929 warganipoen wonten 29. Ingkang kénging dados warga sadèrèk Djawi boten mawang agami, pangkat dradjad. Warga kadjibah mbajar intré f 0,50 contributie f 0,40 ing sawoelanipoen. Sadèrèk *èstri boten kénging dados warganing Mardi laras*.

3. Pasinaoenipoen saben malem Kemis. Menggah goeroenipoen sekar lan naboeh: 1. Sad. B. R. Soetapanitra lan 2 sad. Wirjawigoena. Sinaoenipoen manggèn wonten ing grijanipoen M. Kramapawira. Gangsa saged angsal pitoeloengan saking M. Kramapawira waoe. Manawi koela manah, M. L., saèstoenipoen sagedipoen madeg saking pitoeloenganipoen M. Kramapawira. Pramila M. L. lan para warganipoen sampoen sami kasoepèn dateng sih pitoeloengan kasebat. Nama boten klèntoe para warga

anggènipoen milih M. Kramapawira dados pangajoman. Saking pangadjeng-adjeng koela sadaja sageda lestantoen.

4. Ing H. R.ipoen M. L. oegi njebataken, bilih saben 3 woelan sapisan M. L. kedah ngawontenaken parepatan (vergadering) perloe ngrembag adjeng moendoering pasinaon, lan palapoeran sanèsipoen. Poenika saé sanget; kados ingkang sampoen toemindak kala malem Rebo 18 September 1929, djer para warga kadjawi bati pasinaonipoen, oegi mangertos dateng tjara-tjaraning pakempalan.

5. Mardi Laras sampoen saged kaleksanan ngedalaken serat, kanamakaken „Serat Mardi laras'' (mawi aksara Djawi.) Kandelipoen wonten 68 katja, dipoenregèni f 0,60. Prakawis saé awoning isinipoen boten koela atoeraken ngriki djer koela pitados *„goede wijn behoeft geen krans.''* Mangga gelar jektinipoen koela atoeri moendoet. Tijang namoeng arta nem ketip, teka sampoen angsal serat Mardi Laras! Mangga dipoentjobi!

—o—

Bantoe karja.

Saking pamboedi-dajanipoen sad. B. R. Soetapanitra lan sad. E. Karsawihardja, gotrah Kath. ing Wedi, saged ngawontenaken pakempalan kanamakaken „Bantoe karja.'' Toedjoeanipoen Bantoe karja, mitoeloengi sadèrèk ingkang karépotan ing atasipoen baoe soekoe, manawi dong gadah damel. Ngrigenaken pepadjangan, mitoeloengi ndatengaken pirantosipoen tijang gadah damel „médja koersi, tjangkir piring, gelaran lampit etc. Ingkang mandégani Bantoe karja pandjenenganipoen B. R. Soetapanitra.

Takim SOESÉNA.

VERSLAG: PAREPATAN K. W. SOERABAJA.

Nalika tanggal ping 22 Sept. '29 K. W. Soerabaja, sampoen damel parepatan kanggé sadèrèk Katholiek sadaja, wonten panggénanipoen sadèrèk *Doekoed* ing Djagalan gang III, perloe ngrembag kaperloean ingkang oemoem, kadosta:

Serat saking pandjenenganipoen rama pastoor Satiman, kapoetoes moefakat sadaja, sadèrèngipoen woelan *December* ingkang badé kalampahan, sadaja para sadèrèk Katholiek badé soeka oeroenan sandangan ingkang sampoen golongan boten perloe kanggé oetawi masem-masem, kanggé sadèrèk-sadèrèk doesoen saha paredèn bawahipoen *Mendoet*.

Netepaken kanggé mbéndjing tanggal 6 October ngadjeng poenika, mèngeti Kangdjeng Santo Bapa Pius XI djoemenengipoen imam sampoen 50 tahoen, sarana prasadja kémawon, inggih poenika, sadèrèk-sadèrèk R.K. Djawi ing Soerabaja, dinten Ngahad 6-10-'29 sonten djam 7, bakda Lof, sasarengan sowan dateng Kepandjèn (pastooran). Sasampoenipoen pinanggihan klajan rama Mgr. de Backre (G.A.) ladjeng salah satoengilipoen Bestuur K.W. madjeng saha matoer, menggah ingkang dados kaperloeanipoen, ladjeng sasarengan sadaja sami menjanji, lagoe basa *latin*, *wlandi* oetawi *djawi*, kondjoek doemateng ingkang saweg winisoeda Kangdjeng Santo Bapa, kalantaraken déning pandjenenganipoen rama Mgr. de Backre. Poenapa malih para sadèrèk katholiek kakersakaken moendoet potrèt oetawi gendéranipoen K.S.B. ing Rome njatoenggal, kabajar kentjèng. Mratandani klajan senenging penggalih, kapareng toemoet mèngeti djoemenengipoen K. S.B. Pius XI poenika dados imam sampoen 50 tahoen, poenapa malih djoemeneng Maha Soetji wonten ing Vaticaan.

Bab *„Leekenapostel''* déning parepatan katerangaken toedjoe saha maksoedipoen dateng para sadèrèk katholiek, soepados nglampahana kasaénan, roekoen, tetoeloeng dateng sasaminipoen gesang; soepados malih sanès golongan katholiek sageda mangertos oetawi poeroen toemoet, apesipoen kersa tepang saé, dateng kita sadèrèk-sadèrèk R.K. ing salebetipoen kita Soerabaja, sampoen ngantosa nama kita *katholiek* pikantoek tjet . . . . . !!!

Ngrembag madjengipoen K. W.; jatra pembajaran contributie f 0,25 saben woelan saben lid, soepados katarik ing woelan ingkang loemampah, déning parepatan *kapoetoes*: lantaran para warga dalemipoen pating prentja, saha tebih-tebih, poen djoeroe panarik contributie badé tampi pitoewas 10$^0/_0$ saking jatra angsal-angsalanipoen. K.B.F. (Kath. Begrafenisfonds) Soerabaja, sampoen ketingal madjeng, katanda katah sadèrèk R. K. ingkang sami poeroen loemebet warga, sanadjan jatra entree f 10—. Wasana parepatan katoetoep ± djam 1 siang, kanti wiloedjeng.

't Bestuur.

DOEKOEN 23-9-'29.

Kala dinten Djoemoeah sonten 20-9-'29 ing Doekoen karawoehan, M. Paulus (Kandam; Hardjawasita). goeroe ing Goedangoejah Moentilan; perloe anggijaraken prakawis Van Lith Stichting.

Parepatan dipoenwiwiti djam 4. Wonten ing pamoelangan Vervolgschool, ingkang sami rawoeh prijantoen goeroe Missie djadjahan Doekoen 8.

Poetoesaning rembag, prijantoen goeroe Missie djadjahan Doekoen kedjawi ingkang 8 kasebat nginggil taksih wonten 2 malih, dados sadaja 10. Sagah mlebet dados warganing Van Lith Stichting.

Parepatan katoetoep watawis djam $^1/_2$6. kanti wiloedjeng.

J. A. KOESÈN.

VARIA.

RÉKANIPOEN SAMPOEN NGANTOS SAKIT.

Poenika prakawis ingkang angèl, ing atasipoen dokter kémawon inggih asring sakit pileg lsp. Éwasamanten sasaged-saged kedah dipoensetijari, awit sesakit poenika kados déné 1e. kolérah, tipes, wawratan rah oembel, tjatjing pelikan (mijnworm) 2e' tèreng (t.b.c.), pès paroe, diphterie, tjatjar 3e. malaria, pès mendokol, patèk, radjasinga 4e. bèlèk, trakoem lsp. poenika asalipoen saking baktéri ingkang mbekta sesakit. Baktéri poenika sagedipoen katingal namoeng jèn katjorong mawi microscoop. Ingkang wiwit soemerep baktéri sarana microscoop poenika Pater Jesoewit Athanasius Kircherus ing taoen 1671. Nalika samanten microscoop taksih pasadja sanget. Baktéri poenika alit sanget, sèwoe joeta oepami kempal dados satoenggal agengipoen saweg sami kalijan pentol djaroeman (dom) boendel.

Baktéri waoe mlebet ing badan, sarta jèn badanipoen ringkih, rah reged, poen baktéri ladjeng tetroeka wonten ing ngrikoe ladjeng dados maèwoe-èwoe, woesana tijangipoen sakit saged doemoegi ing pedjahipoen. Baktéri sesakit 1e. poenika mlebetipoen sareng lan tetedan oetawi ombèn-ombèn. 2e. sarana kaserot, sareng lan hawa. 3e. sarana badan tatoe oetawi pingget katjokot ing kéwan. 4e. sarana poen baktéri kleres dawah ing panggènan ingkang nggjijit kadosta: mripat lsp.

Dados rékanipoen soepados sampoen sakit 1e. nebihi baktéri. Sampoen neda oetawi ngombé ingkang kasadé tjelak radinan. Ing radinan poenika katah baktéri kadosta t.b.c. poenika jèn wonten montor maboer, ladjeng kaboer, ketjemploeng ing sekoel, tjao lsp. Manawi doemoegi ing oesoes, ngwontenaken t. b. c. oesoes, sampoen temtoe tiwas. Toja kalèn oetawi lèpèn kebak baktéri, mangka asring kanggé kemoe, oetawi moesoesi. Ing nginggil wonten tijang sakit tipes oetawi kolérah, la ngandap teka kanggé tjiblon lsp. temtoe gampil katoelaran. Powan poenika inggih asring wonten baktérinipoen t.b.c. Toja soemoer inggih boten tanpa baktéri, tansaja jèn soemoer waoe tjelak kakoes. Mila jèn saged, prajogi nganggé toja saking lèdeng, botenipoen saged, toja soemoer sadèrèngipoen kaombé, dipoensaring oetawi dipoen-godog roemijin. Jèn radinan mabloek, iroeng lan lésan katoetoepana mawi katjoe resik, awit baktéri t.b.c. asring toemoet kaboer; temah mlebet ing paroe, andadosaken tèreng. Sadèrèk goeroe pinten kémawon ingkang boten katradjang ing tèreng! Ing tanah Djawi katah tijang sakit tèreng, ing Éropah saja katah malih, margi manggènipoen sami sek-sekan. Rékanipoen soepados boten sakit 2e. ngijataken badan, kadjawi sarana sport, ingkang dipoenteda kedah manoet woelang bab kasarasan. Woesana ngertos doegi-doegi lan prajogi ing sadajanipoen. Ngijataken badan poenika perloe sanget, awit sanadjana kelebetan baktéri, asring tjabar. Poen Naja gagah prakosa, wonten influenza meksa ambroek. Poen Soeta badan limrah nanging kijat, boten poenapa-poenapa. Kijat ing ngriki tjara wlandinipoen: weerstandsvermogen. Soemangga poenika sami kagalih.

D.

PANGOEDA RAOS.

Manawi koela ngèngeti kemadjengané kaoem Mohamadijah, wontenipoen ladjeng namoeng mantoek-mantoek; déné semanten anggèné kawistara ngadjengaken bangsa Indonesia. Tjobi koela doemoekipoen jejasan ingkang kanggé oemoem: sekolahan-sekolahan, grija sakit, panggénan kanggé mitoeloengi laré lola, jatin lan bangsa djempo.

Amila sampoen saleresipoen angsal pangalembana déning Kangdjeng Toewan Goepernoer Djéndral. Sigeg.

Sadèrèk Patjar-mérah ing semoe ra digela, déné kita Katholiek boten katoet ingalem, mangka pakempalan Katholiek Djawi inggih katah. Poenika inggih sampoen saleresipoen kémawon kanggé kita Katholiek Djawi sami gela.

Nanging manawi ngèngeti, jejasaning pakempalan kita Katholiek poenika ingkang kanggé oemoem pantjèn dèrèng wonten, lenggahing gela waoe inggih lepat, djalaran woedjoeding gela waoe kabekta mèri. Sekolahan-sekolahan standaard R. K. lan H. I. S. poenapa déné sekolahan doesoen, ingkang jasa sanès pakempalan kita, nanging Missie. Grija sakit mekaten oegi.

Lah, pakempalan O.L. mij Roekti Woeri poenika ingkang toemoet-toemoet ngadjengaken economie Indonesia. Émoet-émoet kok inggih namoeng kanggé sadèrèkipoen pijambak. Oepami tijang djawi kénging mlebet, tradjang kita ketingal montjèr, boten sanget-sanget dipoensoedjanani.

Soepados pakempalan kita ketingal ing djawi (sanès wohing missie) kados-poendi?

Koela ladjeng kèngetan, oesoelipoen kamas Martadegsana mantri goeroe Medari. Lah, poenika pengpengan, djalaran pantjèn inggih tjotjog kalijan oengel-oengelan djaman sapoenika. „Pertjaja kepada kekoeatan diri sendiri.'' Nanging kedah ngèngeti, pitoeloengané sanès inggih kedah katampi.

Kedjawi poenika Rama-rama Pastoor inggih boten riboet adjegan, dados saged mligi bab agami. Poenapa malih djogèd kita temtoe ketingal èstoe.

Wiwitan temtoe angèl, nanging sekedik baé toemindak. Tanda jekti inggih kaoem Mohamadijah waoe.

Mila oesoel Martadegsana pantes kagatosaken boten pilih-pilih ingkang ngedalaken oesoel poenika poenapa.

Banjoebiroe 6-9-'29

Djadir.

DJAMPINIPOEN POENAPA.

Sarana ingkang koela atoeraken ing Sw. Tm. No. 32 dèrèng mrantasi. Wonten ingkang ladjeng pados sarana sanès. Oepaminipoen: kedah saé pangemongipoen dateng koeli kontrak; nggatosaken dateng betahipoen; ing dalem saminggoe koeli kedah wonten kèndelipoen; njaèkaken pranatan pandamelan lan koeli berah; njoeda kereping éwahing pangageng (assistent). Teka pados ingkang boten-boten! Poenapa poenika badé mrantasi oegi?

Badé boten kémawon; pramila saking panginten koela namoeng sarana satoenggal, ingkang kedah katindakaken. Poenapa? Sowaking poenale sanctie, itjaling tangsoel ingkang ndjiret poen koeli. Sinten ingkang dèrèng priksa, manawi poen poenale sanctie poenika poking sesakit, inggih kroema ingkang gremetan tansah njakoti moeroegaken pating srenoet? Lha, mbok inggih djampi poenapa kémawon, boten badé mantoenaken memala waoe, jèn boten pokoking sesakit ingkang dipoenbirat. Poenale sanctie ingkang dados toeking sadaja pasoelajan lan piawon, mila inggih poenale sanctie ingkang kedah kaboetjal, sampoen pados sarana sanès.

Lo, temtoenipoen para ingkang badé ngadjengaken bangsa Indonésiah lan ingkang njepeng pangrèhing pradja boten kekilapan, temtoe sampoen menggalih bab poenika, sarta rembagipoen saged oegi sampoen mateng. Ananging ingkang koela goemoeni poenika teka dèrèng ndjedoel-ndjedoel poetoesanipoen. Poenapa kémawon ingkang moeroegaken rangoe-rangoe poenika? Poenapa adjrih manawi kapitoenèn? Sinten? Tijang Djawi?

Kabar makaten: „tanah Djawa wis sesak, koerang papan sebab kakèhan oewong, koerang pakarjan lan panggawéan, sing arep dipangan apa? Moelané diprenahaké ana ing Soematrah, kang isih djembar papané.''

Oepami poenika ingkang sinedya, poenapa boten saged kaleksanan, boten ndadak nindakaken poenale sanctie? Dados mawi vrije werving?

Oepami jektos tanah Djawi kirang pandamelan, poenapaa déné kerep kelampahan pabrik gendis ing Djenar Poerwaredja kirang koeli ingkang berah, mèh prasasat saben-saben mendet tijang saking Koelon-Praga? Poenapaa wonten pabrik tjelak ngriki mendet koeli saking mantja nagari?

Wonten malih: ratjak ing ngriki sampoen madjeng, nanging ing Soematrah dèrèng. Mila kanggé bibit, ladjeng mendet bala saking ngriki. Mila ladjeng migoenakaken sarana sapoeroenipoen? noen boten. Poenapa poenale sanctie awon? awonipoen boten margi kabekta wontenipoen barang ngrikoe (per se), nanging margi toemindakipoen boten saé, margi lepat panggarapipoen. Barang boten awon boten saé, saged awon lan saged saé, goemantoeng saking anggènipoen ngetjakaken. Jèn toemindakipoen saé kados ing Marine oepaminipoen, inggih kénging kawastanan loemajan sakedik; jèn kados ing Dèli, inggih nama awon.

Mila sinten ingkang poeroen nggagas pandjang temtoe saroedjoek kalijan sowaking poenale sanctie. Manawi boten saged (sebab poenapa?) kasowak teroesan, inggih selot-selotipoen kémawon; nanging inggih dipoen-jakinaken saèstoe, sampoen namoeng ija bésoek, wekasan boten doemoegi-doemoegi.

Noewoen, poenika dadosa panggalihan.

DJAÉ WANA.

ing Girisasra.

DLEMINGAN.

Damel gedong goemantoeng wonten ing awang-awang, poenapa kinten-kinten saged kalampahan? Bokmanawi boten.

Nanging oepami njembadani prabot: „pangroekti-laja'' (jèn sapoenika matis, matoek, matem kanamakaken: „Darma pralaja''), poenapa sakinten boten saged kadoemoegèn?

Bokmanawi sok-oeger kersa sajektos, para R.K. ing Ngajodja boten manggalih anoe², éman-éman, anoe l. s. p. koela doegi inggih saged kaboel, sanadjan windon, mataoen-taoen kaleksananipoen.

Mangsoeli: „Prabot'' ingkang kados-poendi? Noewoen inggih prabot ingkang boten ngoetjiwani sakedik-kedika.

Oepami dipoenwontenaken oeroenan mbaka sakedik kanggé toembas: Lijk-auto (motor pangemot djisim), oetawi karéta pangemot djisim (lijkwagen) ingkang pantes kanggé sadéngah, boten pilih djana. Wondéné kapal saprabotipoen, rèhning manawi ngingah pijambak rèbjèk, prajogi kontrak kalijan salah satoenggiling djoeragan andong kémawon ingkang mawi kawantos-wantos sampoen ngantos njoelajani samangsa wonten sripah.

Sokoer bagé, dangoe-dangoe saged mrèmèn jasa karéta kawangoen plek bis (auto-bus) ingkang tjekap prijantoen 25 oetawi tigang dasa; apesipoen kalih idji, minangka toempakanipoen panglajat kakoeng sakréta, panglajat poetri sakréta. Wah saiba anggènipoen ngresepaken! Langkoeng-langkoeng manawi wonten ing salebeting karéta waoe ladjeng dikir (tesbèh, toewin s. s.) toeroet margi lirih-lirihan ngantos doemoegi ing astana; wah dèrèng kantenan kalampahan sampoen karaos koemetjer ngoeloe . . . . ? (Keprabon petak oetawi tjemeng sadaja). Pijoeh! Pijoeh! Saméné lo nèk anèng gagasan!

Grobjag, tangi djenggèlèk, o, djeboel ndleming, ki-maoe.

É, inggih bokmanawi . . . . wonten ingkang menggalih.

P. Dt.

PAMOENDOET.

Ing Sw.-Tm. No. 28 ddo. 23-8-'29 wonten goebahanipoen Mevr: C. Soetjilah Atmasoedarma, ingkang atitel: „Tijang sepoeh ingkang tanpa nalar.'' Sareng koela maos oréan waoe, manah koela sakalangkoeng kepranan, djalaran sareng pamaos koela mèh doemoegi ing poengkasan, ing ngrikoe ketingal wonten brendjoelanipoen, i. p: „Pramila ingkang boten. . . . . . . nanging poma sampoen nganggé namanipoen tijang èstri jèn ingkang njerat poenika prijantoen kakoeng.'' É,la, njamleng sanget poenika Mevr, sapoenika kados-poendi ta pandjenengan kok kagoenganipoen pamoendoet ingkang semanten?

Manoet sembirating karsa pandjenengan, soepados sampoen ngantos ngoewoeraken pamaos, enz. O, inggih asring kelampahan prakawis waoe, nanging mitoeroet para sabar lan wasis, maos serat of koran poenika boten memandang sinten ingkang ngarang l.s.s. dados namoeng mligi ngemataken soeraosipoen, rak inggih ta? Dados manawi boten klintoe, pandj: moendoet ingkang sami djinisipoen, oegi ateges, jèn kakoeng inggih sami kakoeng, bilih poetri inggih tanding sami poetri. Noewoen sèwoe, mangka temenipoen golongan wanita ingkang tansah karsa loemban wonten madyaning poestaka warti poenika taksih radi plentong-plenting, (nanging sasoemerep koela lo), kilap ing tanah Éropah enz. Pramila karsa pandjenengan inggih merdèni, soepados para wanita Indonesia ladjeng sami poeroena tjiblon wonten poestaka warti; nanging oegi saged asoeraos: „Mangsa anaa sing bakal mangsoeli enz. karangankoe.'' Saluut. O, para wanita, sadjawining Mevr. Atma, mangga koela atoeri ngastapèn pandjenengan samangké sampoen wonten pimpinan!—. Jèn ingkang njerat prijantoen kakoeng boten kapareng tèken èstri, adooooh prijantoen prija, rekaos pandj. sapoenika, èwadéné koela gadah réka; prajogi sanget, waton namoeng ngoegemi ingkang njerat, boten komplit ingkang mikir of panjerat. Dados jèn makaten soepados sampoen ngantos nerrak pepatjoeh saking Mevr. Atma, kénging tijang djaler ingkang mikir, wasana ingkang njerataken tijang èstri.

Noewoen
WHAN-DHOE.

PEPANGGIHAN.

Sadèrèk Katholiek Indonesia ing Semarang lan sakiwatengenipoen.

Ngatoeri priksa bilih kadang Katholiek Indonesia ing Semarang lan sakiwatengenipoen béndjing dinten Ngahad tanggal 20 October, wiwit djam 9 éndjing, badé ngwontenaken pepanngihan ing dalemipoen sadèrèk R.M.J. Soedarta Sasraningrat Randoesari 364, perloe:

I ngatoeraken soegeng rawoeh dateng
1. Rama Pastoor H. de Kuyper S. J. pangèn sadèrèk Indonesia ing Semarang.
2. sadèrèk. Dr. L. Dwidjatanaja. dokter Katholiek Indonesia ingkang sapisan.
3. sadèrèk. A. Djoepri Nitihardja goeroe ingkang njepeng Hoofdacte.

II. Ngrembag kabetahan Katholiek Indonesia oemoem kadosdéné:
1. tetepanganipoen sadèrèk ing Semarang.
2. Pitoeloengan kasisahan.
3. Pitepanganipoen para poetri (ingkang ngrembag: Radèn Ajoe Sasraningrat).
4. Anteping Imam.
5. Sambetipoen kalijan djagad politiek.

Njoewoen soepados para padèrèk Katholiek Indonesia ing Semarang lan sakiwatengenipoen, kersaa merlokaken ngrawoehi pepenggihan poenika.

Sadèrengipoen kasedijanan sarapan.

Atas namanipoen Comite.
pengrèh K.W.
„ P.P.K.D.

OERAP-SARI.

—: KABAR KATOLIK. :—

Tilgram saking Roem.

Minangka wangsoelaning tilgramipoen komité pahargjan bedaminipoen Vanticaan kalijan Itali dateng ngarsa dalem Kangdjeng Santo Bapa kala 29 April, sampéjan dalem K. S. Bapa alantaran Kardinal Casparri paring tilgram wangsoelan dateng Mgr. van Velsen asoeraos: ngarsa dalem sanget tarima kasihipoen déné gotrah Katolik Djawi ngoendjoekaken kasoegengan lan sampéjan dalem amaringi pangèstoe (Sain: Père remercie hommage Javanais Catholiques envoie bénédiction).

Pahargjan Kg. S. Bapa Pius XI ing Wedi.

Sadèrèk *Soeséna* martosaken:

Rèhné Wedi oegi nampi barkah lan piwoelang dalem P. Soetji, mila gotrah Kath. ing ngrikoe sami oegi ndèrèk mahargja Pandjenengan dalem K. S. Bapa Pius XI, déné sampoen 50 taoen, djoemeneng Imam. Sanadjan Wedi poenika pétangipoen ressort parochie Klatèn, ewasaman-

ten kamanah perloe ngawontenaken pahargjan manggèn ing Wedi.

Tapoeking karaméjan kadawahaken malem Selasa tanggal 7 October sonten, perloenipoen Soepados K. P. Berndsen sageda ndjoemenengi pahargjan waoe. Rantjangan papan njamboet grijanipoen sad. Kramapawira sampoen dipoenlilani. Ingkang badé sesorah: 1 sad. N. Tjakraatmadja bab soegeng dalem K.S. Bapa Pius XI; 2 sad. E. Karsawihardja bab kedaton dalem K.S. Bapa (het Vaticaan); 3 sad. B. R. Soetapanitra bab loehoering Kaimaman. Sekar binaroeng ing gangsa, ingkang badé nandangi pakempalan Mardi Laras. Toemindakipoen kadamel gentosan, sampoen ngantos ngitjalaken ngesing raosipoen pahargjan daloe poenika, soepados dados kaloehoeran lan kasoegengan dalem K. S. Bapa, lan amewahana A. M. D. G.

Déné prakawis ragad-ragad sami dipoensanggi ing sadèrèk R. K. ngrikoe samoerwatipoen. Panjoewoen koela, pahargjan - pahargjan ingkang koendjoek saandap sampéjan dalem K. S. Bapa Pius XI, angentjengna oegi soengkem kita dateng Pasamoean Soetji lan Goesti pepoendèn kita.

Padoeka P. Rector J. van BAAL kondoer dateng Nederland.

Sadèrèk C. O r d e e k a martosaken ingkang ladjeng kita ringkes kados ing ngandap poenika: Kala 18-9-'29, ing X.- College Moentilan wonten pakoermatan kanggé ngoermati kondoeripoen P. Rector dateng Nederland. Kados adat saben katah para siswa ingkang njaosaken atoer: saking Kw, S., N. S. toewin Cursus goeroe doesoen. Kala samanten wakil K. W.: R. Djajaatmadja inggih wonten wakil saking K. W. R. Djajaatmadja ingkang oegi matoer wonten ing ngadjeng: andèrèkaken basoeki.—Wonten ing pakoermatan ngrikoe katawis bilih para siswa X.-College Moentilan langkoeng-langkoeng siswa Normaalschool sami lebda ing gending miwah tembang Djawi. (-katoentoen déning sadèrèk Hardjawardaja goeroe N.S. ingkang sapoenika pantjèn saweg kajoengjoen dateng gending lan padalangan). Déné siswa K. S. toewin Pams (wonten pakoermatan ngrikoe) katawis sami saged gending toewin tembang Walandi.

Wonten ing paringipoen wangsoelan, padoeka Tw. Rector ngandikakaken genging renaning panggalihipoen margi pirsa indaking sakolahan Canisius ing ngrikoe (15 sapoenika 150), lan margi ngawoeningani tandangipoen para goeroe wedalan Moentilan ingkang saèstoe roedjoek kalijan karsaning Missie dalah dedasar nalika wonten Moentilan. Mila pandjenenganipoen ngadjeng-adjeng moegi saged lestantoen makaten. Wasana pandjenenganipoen oegi moedjèkaken Van Lith Stichting . . . . .

Katjarijosaken ingkang anggentosi djoemeneng Rector. pandjenenganipoen P. Coenen.

Ing ngriki kita redactie saged ngabaraken: kala 23-9-'29 pandjenenganipoen sampoen bidal saking Ngajogyakarta nitih expres djam woloe. Sw. T. oegi andèrèkaken soegeng. Moegi béndjing kondoeripoen, s a è s t o e saged ngampil angsal-angsal ingkang ngagengaken manah kita gotrah Katolik !

Van Lith Stichting saja mindak warganipoen.

Saking Moentilan kita pikantoek pawartos kala 20-9-'29 sadèrèk Hardjawasita propaganda V.L.S. dateng Doekoen. Prijantoen sanga ingkang nenggani mirengaken propaganda sadaja sami mlebet dados warga.

Wanita Katolik Ngajogyakarta.

Pakempalan Katolik ingkang oentab-oentaban actiefipoen kalijan Van Lith Stichting, nanging awis kotjap, i.p. pak. Wanita Katolik ing Ngajogyakarta. Pakempalan waoe saben woelan ngawontenaken papanggihan wonten grijaning warga: giliran! Kala 18-9-'29 W. K. papanggihan wonten dalemipoen Mantri Goeroe Gajam sadèrèk Marta . . . . Wonten ngrikoe pangrèh martosaken: 1e. Balé derma ada-adanipoen pakempalan-pakempalan wanita ing Ngajogyakarta kala sakatèn, saged pikentoek bati resik f 270, ingkang f 100 kadanakaken kasangsaran kabesmèn ing Gresik, ingkang f 109, kanggé studiefonds P. P. I. Pakemlan W. K. pikantoek f 13,12, lan f 10,48 toemandja babatèn sekar, f 12,50 kanggé studiefonds W. K., poenapadéné f 11,10 kanggé jajasan W.K. ingkang nama kinderafdeeling . . . . 2e. Béndjing 2—3 November ing Bandoeng wonten tentoonstelling barang-barang batikan lan tenoenan, manawi saged W. K. badé angedali, para warga ingkang kadoegi kaatoeran maringi pasoembang. 3e. W.K. boten saged nglegani pangadjak ngawontenaken peken malem béndjing 3-7 Oct. (wonten Ngajogya) ingkang babatènipoen tjalon kanggé soos Andépraja lan studiefonds P. P. I. Iss.

(Kita ngadjeng-adjeng moegi para warga W. K. Ngajogyakarta, sami (angindaki anggènipoen) animbangi rekaos miwah mempenging pangrèhipoen. Awit kados ingkang kita soemerepi papanggihan kaseboet ngginggil poenika warga ingkang rawoeh saèstoe boten maremaken).

KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

Kabar onderwijs saking Bagelèn.

R.S.K. Wardaja, martosaken kados ing ngandap poenika:

Kala tg. 15/9-'29, ing Kopschool Poerworedjo, kanggé conferentie goeroe-goeroe angka II sakaboepatèn Poerworedjo. Ingkang mangarsani pandjenenganipoen Schoolopziener I lan II. Wonten ing ngrikoe nggijaraken dawoeh-dawoeh angsalangsalanipoen conferentie Schoolopziener wonten ing Gombong, kala tg. 12/13 Augustus '29.

Ing ngriki koela tjoeplik ingkang perloe-perloe kémawon, kadosta:

I. Ing woelan Sijam (vacantie) goeroe boten kénging nganggoer; kedah njamboet-damel; njadijakaken ingkang badé kanggé ing woelan Sawal, kadosta: nampi moerid, damel staat bijl: II (permintaan mendjadi moerid); damel gambar-gambar handleiding lsp. Goeroe kedah dâmel uitgewerkt leerplan kanggé sataoen, kapérang dados 40 bagéan, kanggé njaminggoe. Tjekakipoen: jèn sakolahan kabikak ing woelan Sawal, kedah sampoen samekta sadaja; oepami: bangkoe - bangkoe, gambar - gambar, handleiding lsp. Dados bikak teroes saged moelang. Djalaran saking poenika ing woelan sijam, goeroe boten kénging késah sadaja; apesipoen kedah wonten satoenggal ingkang nengga lan mranata sekolahan.

II. Déné ingkang kanggé waton dawoeh waoe makaten: Sadaja ambtenaar Goepermèn (ingkang sanès goeroe); poenika sataoen namoeng kénging verlof 14 dinten; sareng goeroe boten dipoenwatesi. Mangka goeroe sampoen gadah vacantie katah (Sijam lan Moeloed); sareng ambtenaar sanès boten gadah vacantie. Mila goeroe kaanggep kekatahen liboeripoen (nganggoeripoen); dados ing wantji vacantie ladjeng kedah njamboet damel ingkang mesti. Malah sawenèhing ambtenaar Inspectie wonten ingkang moengel makaten: *Wong dibajar woetoeh* (ing woelan Sijam) *teka arep nganggoer; nèk ngono kepénaken. Sing liboer koewi rak moeridé. Moelané bener anané dawoeh sing netepaké soepaja goeroe ing sasi pasa njamboet gawé kaja ambtenaar sédjéné.*

III. Pandameling permintaan mendjadi moerid (Staat bijl: II) kedah ing woelan Sijam: teroes kaatoeraken dateng Schoolcommissie. Saminggoe ngadjengaken bikak pamoelangan, kedah sampoen katèken Sch. comm: (Poenapa poenika boten saged damel kapitoenanipoen goeroe? Oepami ing woelan Sijam, laré ingkang mlebet 40. Sareng Sawal namoeng dateng 30; dados ingkang 10 boten èstoe mlebet. Mangka jèn staat permintaan mendjadi moerid sampoen katèken Sch. comm, laré 10 ingkang boten èstoe waoe rak kedah mbajar, lan kalebetaken dateng Stamboek? Lah, ingkang mbajari sinten? Kalijan malih ladjeng wonten temboeng: *doeroeng sekolah teka wis metoe*. Tegesipoen: *padamelanipoen goeroe waoe tanpa damel;* (moespra!)

IV. Pandameling rantjangan (vorderingen en voorbereidingen) ing klas ingkang parallel: poenika loetjoe sanget. Opziener ressort I gadah pamanggih makaten: Goeroe kang moelang ana ing klas parallel koedoe gawé rantjangan déwé - déwé: ora koedoe pada. Doewoering piwoelang oega ora koedoe pada, angger katjèké ora kakèhan. Preloené soepaja sidji-sidjining goeroe njamboet - gawé nganggo pikirané déwé-déwé. (Prakawis poenika katah ingkang mabeni. Djalaran saged noewoehaken djor - djoran ing klas ingkang parallel waoe; ladjeng noewoehaken ingkang boten saé). Opziener ressort II pamanggihipoen béda kosok-wangsoel bledjed. Jèn wonten klas parallel: ingkang damel rantjangan tjekap goeroe satoenggal sanèsipoen namoeng noeroen, soepados saged sami. Pandamelipoen gentosan saminggoe édang. (Prakawis poenika katah ingkang moefakat). Wasana opziener ressort I lan II kapeksa andoem wiloedjeng, sami nganggé actienipoen pijambak-pijambak. Ingkang makaten poenika koela manah kirang prajogi, awit Opziener kalih ingkang noenggil sakaboepatèn kémawon sampoen boten tjotjog. Poenapa wonten ing conferentie Schoolopziener ing Gombong boten kapoetoes (katetepaken), teka ngantos sami roedjak sentoel?

V. Bab kasboek sekolahan; kedah wonten kasboek harian lan minggon; manoet tjonto. Wonten dawoeh ingkang soeraosipoen makaten: sadèrèngipoen mandaat blandja katoekaraken ing 's Landskas: jatra sekolahan ingkang dados tjepenganipoen mantri goeroe: dèrèng kénging kaepik-epik. Jèn mandaat sampoen katoekar, saweg nama tetep, jèn blandjanipoen mantri goeroe kapotong schoolgeld. Poenika schoolgeld ingkang kasimpen saweg kénging soemerep padang hawa.

VI. Jèn wonten goeroe ingkang dipoen inspectie mangka pinanggih gadah rapport 4: (bidji 4): kedah *awas*. Lan sanès dinten temtoe dipoenkortbezoek malih: éwah poenapa dèrèng kawontenanipoen. Jèn sampoen éwah, mangka ladjeng mindak saé, poenapa bidjinipoen 4 waoe inggih ladjeng dipoenindaki ing nalika poenika oegi?

VII. Wonten goeroe ingkang pitakèn makaten: Kados-poendi goeroe sagedipoen soemerep jèn nggadahahi (conduitestaat) awon? Wangsoelanipoen: Angger blandjanipoen mindak, oetawi nalika njoewoen indakan blandja boten dipoenengèlengèl, inggih tanda jèn boten awon.*) Nanging prakawis bidji awon ingkang toemrap goeroe: poenika kanggé wados déning ambtenaar inspectie.**)

Amoeta toeli!!

(Kalampahan ing bawah Mendoet Moentilan).

Sadèrèk F i e t s T r i u m p h martosaken makaten: (kita loegokaken kémawon. — Red).

Ing salebeting woelan Augustus ingkang kapengker Swara Tama sampoen angewrat prakawis margi-margi ing bawah Mendoet Moentilan. I Bab rekaosing lampahing tijang toewin bangsa kendaraän ingkang ngambah ing margi - margi waoe. Djalaran saking kirang prajoginingbab pamasanging ril lorining Onderneming. II Ingatasing margi waoe pantjèn boten kénging kaambah ing grobag karéta, motor, lan sanès-sanèsipoen menapaa kados ingkang wadjib ing margi-margi waoe kok boten karsa paring tetenger gawar? III Dasaring margi pantjèn kirang saé inggih poenika margi saantawisipoen Moentilan lan Dawang Progo. IV Kretek satjaketing doesoen Gedjagan, risak kadangon anggènipoen andandosi. Sareng dipoendandosi sapisanipoen dèrèng saged saé, malah mèh ndawahaken tijang nenoempak. Déné sagedipoen radi saé ngantos dipoendandosi rambah kaping kalih, mbokmanawi inggih saking panggroendeling tijang langkoeng. V Kretek sakidoel doesoen Ngetos risak ingkang andandosi Onderneming.

Nalika samanten wonten satoenggiling tijang limrah (tijang alit) ingkang matoer dateng ing ngarsaning satoenggiling loerah doesoen ingkang pantjèn bawahipoen kagepok ing soeraosing Swara-Tama waoe, lan tijang waoe kanti ambekta lembaran Swara Tama, kilap saking poendi sagedipoen angsal Swara Tama tijang waoe. Mitoeroet ginemming tijang ingkang matoer ing loerah waoe, wekdal poenika Swara Tama memelas sanget. Déné anggènipoen memelas makaten: „Sareng loerah doesoen waoe mireng atoering tijang prakawis-prakawis ingkang kasbat nginggil lan nampèni lembaran Swara Tama waoe, loerah ladjeng ngendika makaten: „I j a h: m i n g: k o r a n é d j é. Ladjeng besoewel; lembaran Swara Tama waoe kaslempitaken ing pager.

Lha, loerah ingkang makaten waoe poenapa boten kénging kawastanan amoetatoeli. Anggènipoen kawastanan moeta, ing atasing gadah bawah ngantos dados pangresoelaning tijang kok sok boten énggal kapanggalih. Anggènipoen toeli, ing atasing mireng atoering tijang lan soewantening koran ingkang anggepok dateng pijambakipoen kok inggih sakétja kémawon, malah namoeng dipoenmingaken. Semoe-semoe sadaja prakawis - prakawis waoe kados boten priksa lan boten mireng. Kok soelaja kalijan nalika ing peken Mendoet wonten tingalan ringgit tijang. Saben dinten takèn „mengko bengi lakoné apa ja? sing dadi Djanaka sapa ja? Ijah nokaé gela jèn si . . . . . ora metoni, wadoeoeoeh lik nganti kaja ndangoe sakitan radja pati. Mangka kados déné margi prasekawanan sak lèr doesoen Ngetos sok dipoensoekani lori ngantos pinten-pinten poenika loerah pantjènipoen wadjib mrenata jèn boten wani mrenata dateng Bendara toewan sinder (tjara ingkang katah-katah basaning loerah doesoen dateng landi onderneming) margi saking gilanipoen dateng Landi lan koewatos jèn onderneming boten poeroen njéwa bengkokipoen samangsa loerah katelep ing padjeg, la inggih matoer dateng chef-ipoen, sampoen kok ladjeng anglirwakaken koewadjiban. Poenapa boten naté mireng kabaripoen katjilakan ingkang saking lori. Kados énggal mangké ing bawah Ngloewar kabaripoen mentas wonten laré tjilaka margi saking lori.

Wongsal - wangsoel inggih poenika, jèn tetepan loerah doesoen waoe namoeng sarana kapilih ing tijang alit djalaran soegih arta.

Tjobi menggah sapoenika sampoen kelampahan tetepan loerah doesoen waoe ingkang milih negari margi dedasar kasagedan mbokmanawi sadaja pranatan inggih radi bèrès.

Woesana moegi wontena kaparenging karsanipoen pandjenenganipoen Redacteur angintoenaken sa-

*) Prakawis poenika (menawi kita boten lepat) terangipoen makaten: Goeroe-goeroe ing sekolahan angka 2 Goepermèn, manawi badé verhooging, ingkang nglantaraken kepala pamoelangan. Menawi kepala pamoelangan boten notjogi (margi poen goeroe boten saé, oet. boten dipoensenengi mantri goeroe) inggih angèl oet. boten saged tampi indakan. Ing Ngajogja sampoen kelampahan makaten poenika kaping kalih: dongipoen verhooging nanging boten, margi kepalanipoen . . . . Nanging béndjingipoen prijantoen waoe saged maled. Red.

**) Poenapa boten wonten inspectierapport? Red.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

POENDI INGKANG PERLOE PIJAMBAK ? ? ? ? ? ? ?

(Dajaning materialisme ! ! ! Serat kabar „PENGADJAR" tidak dapat memilih ? ? ? ?)

Materialisme! Poenapa poenika?? Poenika mamalaning djagad! Poenika ngèlmoe boten ngakeni wontening Hyang Ana; njingkoer Hyang Djoeroe Karja; boten poeroen roemaos saha ngroemaosi bilih ingkang goemelar wonten ngalam donja poenika pinoerba-wasésa déning Hyang Maha Kawasa! Ingkang ginoestigoesti dédé Pangéran; titah! O, inggih titah, titah sèkèng ingkang boten saged doemados pijambak poenika!!

É, manoengsa pantjèn saja andadra! Boten Kilèn boten Wétan, samidéné kénging sasakit materialisme! Boten Djawi boten Walandi, sami déné katah ingkang kataman memala tjidra ing Goesti! Poenapa salaminipoen djagad badé ngalami djaman *pedèt emas* ??

Materialisme! . . . . poenika namoeng badé nantang bendoening Pangéran, ngadjab sapoe-dendaning Goesti!

Materialisme! . . . manoet Sang Nata Pandita Pius XI woten nawala dalem „Ubi arcano" — tetep dados witing kasangsaran, djalaraning paprangan!

Para maos!

Pandjenengan sadaja temtoe sampoen sami mangertos, ing Salatiga wonten serat-woelanan „*Pengadjar.*" *Pengadjar* waoe ngewrat prakawis-prakawis panggoela-wentah sarta pangadjaran! Ingkang dados panoentoen redactie sadèrèk Soepardi.

Pengadjar . . . no. 1 (katja 5), tjarijos:

. . . . Adapoen menoeroet pendapatan ahli mendidik, *maksoed* pendidikan itoe demikianlah:

1. memboeka dan memperdalam perasaan atau kelakoean, soepaja soeka kepada perboeatan baik.
2. memperperangi perasaan pada pekerdjaan djahat; 3 memboeka dan memperdalam pikiran; 4 mendjaga kesehatan.

Dados, [sakawan bab kaseboet nginggil] poenika kénging koela ringkes: *geestelijke* opvoeding kalijan *lichamelijke* opvoeding [panggoela-wentahing soekma oetawi batin kalijan panggoela-wentahing badan].

Maos doemoegi samanten koela dèrèng anggrendjel. Nanging sareng maos oekara ngandapipoen, koela kepeksa mandeg; koela manah pandjang! Mangga dipoenpidangetaken ngandikanipoen redactie *Pengadjar*: „Mana jang *terpenting* dari pada empat perkara jang terseboet diatas „*tiadalah* kami dapat memilih karena semoeanja penting!" [*Dojonging aksara* déning Patjar Mérah].

Manoengsa pinaringan pikiran, kanggé mikir, kanggé nanding-nanding; Wohing pananding saged mastani poendi ingkang awon, poendi ingkang saé, lan poendi ingkang saé oetawi awon pijambak!

Koela ngandel: geestelijke opvoeding kalijan lichamelijke opvoeding poenika penting sadaja. Nanging sami-sami penting, mesti kedah wonten ingkang penting pijambak! Dados, manawi doepèh kalih-kalihipoen penting, ladjeng boten saged milih poendi ingkang perloe pijambak, poenika kénging katemboengaken boten saged nanding. Sami oegi kalijan moengel: geestelijke opvoeding karo lichamelijke opvoeding mono pada waé. Dados, kados tijang ingkang tjarijos: Kristen (Katolik, Protestant), Islam, Boeda, Téosopi. . . . ikoe setali tiga oeang! Poenapa wawaton makaten poenika leres? Pandjenengan sadaja saged ambatang pijambak!

Tijang ingkang ngandel, ngakeni bilih sadaja poenika pinoerba-wasésa wonten Pangéran, mesti anggadahi kaantepan: kabatosan langkoeng penting tinimbang kalahiran. Dados soekma langkoeng adji tinimbang badan wadag; rohani langkoeng preloe tinimbang djasmani. Sokmakatena: geestelijke opvoeding langkoeng wigati tinimbang lichamelijke opvoeding. Bodo nanging moersid, sesakiten ananging sadoe ing boedi, poenika manahipoen langkoeng tentrem tinimbang ingkang abanda abandoe nanging moersal. Roemaos langkoeng begdja tinimbang ingkang saben dinten glédag-glèdèg noempak montor, aseseboetan Mr. Dr. . . . . . nanging moerangsarak gesangipoen! Lelampahanipoen Nabi Ajoeb, para maos! poenika kénging kanggé toeladan.

Toemrap kita gotrah Katolik wiwit alit oemoer 7 taoen sampoen dipoenkoelinakaken mangsoeli pitakèn: „Apa perloené wong tinitah ana ngalam donja?" Mila sadaja pakartining manoengsa, poenika tjara wawaton Katolik kedah boten soelaja kalijan toedjoening manoengsa tinitahaken, i. p. njoewita Pangéran soepados saged pikantoek kabegdjan langgeng! Mila, kita Katolik anggadahi wawaton ingkang sakalangkoeng wantèg wiwit kina doemoegi béndjing pisan boten badé éwah gingsir: „kabegdjaning soekma kita langkoeng kita perlokaken tinimbang sakétjaning raga kita!"

Koela jakin sanget: loeloehoer kita bangsa Djawi anilari wasijat sakalangkoeng adji. Déné poesaka waoe: pangandel dateng Goesti Allah, ngakeni pangawasaning Pangéran! Mila inggih boten maiben, bilih:

a. Wonten konggres P. G. H. B. Soerakarta kala tanggal 16 Februari 1929, pandjenenganipoen Mr. Singgih medar pangandika ingkang asoeraos: kabatosan langkoeng adji tinimbang kalahiran.
b. Sadèrèk Y wonten T i m b o e l 1 Februari '29 amratélakaken asoeraos: „bangsa Wétanan anggènipoen ngaosi kabatosan kaanggé langkoeng inggil tinimbang kalahiran" (Dados rohani kaanggé langkoeng inggil tinimbang djasmani).
c. S e d y a T a m a tanggal 13 October 1928, ngegongi pamanggihipoen Mr. Verkouteren wonten ing D e N e d e r l a n d e r ingkang asoeraos: kawroeh kamanoengsan sadjati . . . langkoeng ageng sanget paédahipoen tinimbang kawroeh boekoe - boekoe. Kadjawi poenika wonten ngrikoe Sedya Tama oegi nglepataken klintoe. Dados ngemoe raos: batin loewih perloe tinimbang lahir! Iss.

Sadaja ingkang kaseboet ing a.b.c., poenika kénging karingkes: sadoening boeboedèn langkoeng adji tinimbang kapinteran, langkoeng loehoer tinimbang kasagedan lan kasarasan! Dados: geestelijke opvoeding oetawi geestelijke ontwikkeling langkoeng perloe tinimbang lichamelijke opvoeding, oetawi intellectueele ontwikkeling.

Nanging kabekta saking kawontenan, wasijat adi saking loeloehoer kita waoe ing djaman sapoenika boten (patos) kagatosaken! Déné tjontonipoen, inggih kados serat woelan P e n g a d j a r ing Salatiga poenika!

Koela boten mastani Pengadjar sampoen babar pisan nganggé ngèlmoe emoh Goesti Allah. Nanging koela jakin sanget: katjokan materialisme!

Mila, toedjoening andaran koela poenika, soepados sadèrèk ing Salatiga kèngetan lan nganggèkaken wasijating loeloehoer Djawi! bab: ngakeni pangawasaning Goesti! Langkoeng-langkoeng déné Pengadjar, serat panggoela-wentah! Sampoen ngantos anggènipoen ngangsoe kawroeh Kilèn namoeng waton anjara-mlajokaken boekoe Kilèn kémawon! Kedah manah ingkang pandjang, kabobot kalijan weninging boedi, kalarasaken kalijan Wétan! Kedah tansah angèngeti leresing babasan: „*Non scholae sed vitae discimus!*" — „*Anggonkoe pada sinaoe ora kanggo sekolahan: kanggo oerip!* Lan, ... boten namoeng kanggé gesang sapoenika kémawon, langkoeng-langkoeng kanggé gesang béndjing ing djaman akir! . . . . . Wasana inggih kedah ngèngeti: „tanpa Pangéran, manoengsa boten saged poenapa - poenapa!"

Pandan Wangi 23 September.

Taklim: *Patjar Mérah.*

CORRESPONDENTIE:

Sad. T. R. poensrantosaken.
„ Baratha ngentosi.
„ Aris, sampoen kasèp, boten saged kapatjak.

R. I. P.

Ngatoeri oeninga jèn sadèrèk FRANCISCUS XAVERIUS SOEPARDJAN DJAJÈNGOETAMA nalika tg. 24 Sept. poenika mantoek dateng djaman kalanggengan.

Para mitra-mitra, pitepangan lsp. samia karsa njembahjangaken kanggé soekmanipoen.

L. JAMA.

R. I. P.

Nalika malem tanggal 23 Sept. wantji djam 10, HIERONYMUS SOEMARSANA, siswa ing Kweekschool Moentilan, katimbalan ing Goesti, sampoen nampèni sakramnèn-sakramèn sapreloenipoen.

Anggènipoen sakit sampoen 11 woelan, wonten ing panti-roga Moentilan.

Koela,

B. COENEN S. J.

Vice Rector

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan [8])	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang [5])	7.	Pemalang [3])	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari [6])	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap [8])	7.30.
„ Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang [1])	7.30.	Moentilan	5.-6 - 8.	Semarang:		Wates [7])	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran [2])	7.	Ngawi [7])	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong [3])	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn [4])	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo [8])	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean [1])	7.30.				

[1]) 1e. Achad. [2]) 1e. + 3e. Achad. [3]) 2e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap² doea boelan. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [6]) 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad. [8]) 4e. Achad.

lembar Swara Tama dateng pandjenenganipoen Assistent-wedana ing Mendoet lan salembar malih dateng pandjenenganipoen ingkang Wedana ing Moentilan.*)

Gramafoon — Ngajodja Wétan.

Sadèrèk *Martaja*, ngabaraken makaten:

1. *Awis teda*. Ing wekdal sapoenika ing redi kidoel saweg mangsa patjeklik. Awisipoen teda radi sanget, kabekta boten medaling tetaneman. Gaga, otèk, téla, sata sedaja sarwa njeplik, boten kados wingi-wingi. Poenika waoe sedaja kasebabaken awising wontenipoen Djawah. Grija-grija loerah sawatawis sami kabeslah, margi anggènipoen *sobat baik* kalijan tjina méndring. Tijang saking rikoe katah ingkang pados panggesangan dateng mantja nagari, kadosta: Ngajodja, Parakan, Semarang lsp.

Sewoelanan kepengker loerah-loerah sawatawis kempalan, badé nanggap ringgit watjoetjal milih dalang ingkang taksih kaanggep sekti, saged ndatengakaken Djawah (i. p. dalang saking Kwasèn, bawah onderdistrict Pijoengan). Èstoe nanggap, dalang neda épahan f 50 (sèket roepijah) sedaloe, inggih dipoensagahi. Wasana boten djawah, tletik kémawon boten. Kjai dalang ladjeng namoeng kaépahan f 25. Wah kok isih semono ta pengandelé sanak goenoeng kidoel ki!!

2. Gandèng kalijan nginggil waoe, ladjeng nggampilaken Emigratie. Nanging éman déné kok boten: *Vrije Emigratie*, djeboel medal pak boedjoek werk. Bab poenika toemoelar dateng tanah ngaré sakilènipoen goenoeng kidoel. Moegi-moegi ingkang wadjib menggaliha saèstoe bab poenika!! Poenapa werk-werk waoe inggih sami angsal idi saking Negari? Pamriksanipoen sampoen ngantos kasangga mèngèng. Mila wonten S. K. roemijin poenika kawartosaken tijang Ngajodja ingkang késah katah sanget. (200.000).

3. *Klangsiran — adil*.

Klangsiran sabin (ingkang koela soemerepi tjeta) ing onderneming Wanoedjaja lan Karongan, sapoenika modèl *sama rata sama rasa*. Sabinipoen tijang alit kaedoem sami (ratjak). Poenika nggampilaken tjarik doesoen lan mantri pemitjis (penanggap arta) ing bab oeroesan padjeg; sarta toewan onderneming ing atasing arta lat-latan (pangrembanging rosan). Poenapa poenika inggih sampoen adil saèstoe???

*) **Katrangan saking Redactie.**

Para maos sampoen kalintoe tampi (— kados ingkang kita pireng —) mastani bilih swantenipoen Fiets Triumph poenika swantening prijantoen ingkang damang dateng oebeting onderneming. Boten! Swanten saking F. T., namoeng swantening tijang limrah (dédé prijantoen) ingkang kawedalipoen namoeng margi ngraos rekaos déning toemindaking onderneming.

Kasangsaran motor bis.

B. S. A. Jachthom Brebes, ngabaraken:

Nalika dinten Kemis tg. 12-9-'29 wonten montor bis saking Cheribon badé dateng Tegal; ngemot brambang toewin tijang. Ing sarèhning saantawisipoen Boelakamba kalijan Brebes poenika nglangkoengi boelak wijar-wijar, dados sepi politie. Sang Sopir sapoeroen-poeroen nglampahaken montoripoen. Lan sarèhning anggènipoen nglampahaken sarwi sembrana, oetawi ngantoek, doemadakan roda ngadjeng ménggok ngiwa. Sopir goegoep, roda teroes ngener tijang kalih ingkang saweg sami neda semangka wonten ing pinggir margi. Tijang kalih waoe barbier ideran satoenggal, tijang berah satoenggal. Sanalika barbier pedjah, lan berah kinten-kinten 2 % gesang. Tijang kalih kapriksa wonten kliniek Brebes, lan berah teroes noetoeti barbier.

Katjarijos bis waoe ngrawoehi sabin ngantos kinten-kinten 20 M saking margi ageng tebihipoen. Lan katah ingkang risak, tijang ingkang noempak wiloedjeng.

Kadjawi poenika motor kapriksa pinanggih djaroeming K. M. teller, noeding angka 65. Dados terang nalika montor waoe mlampah snelheidipoen ± 70 - 80 K. M. saben 1 djam.

Kotjapa Sopir ladjeng késah saking ngrikoe, ngantos dipoenpadosi boten kantenan. nDilalah wonten prijantoen ingkang nitik bis waoe, saged maringi katerangan, kados-poendi sandang toewin nèm sepoehipoen Sopir.

Sanalika Sopir ladjeng katjepeng wonten ing satjelakipoen Tandjoeng. Nalika katjepeng oepas, atoeripoen Sopir: „Koela inggih badé repot dateng bendara Wedana."

Ijak poenapa inggih? Kénging poenapa boten poeroen repot dateng A. W. ing satjelaking ngrikoe; ingkang tebihipoen ± 2 K. M. saking katjilakan waoe? Hla kok malah dateng Tandjoeng ingkang tebihipoen ± 15 K. M.

Waterschap Ngajodja.

Msth. Sstrdhdj: Saking pitoeloenganipoen Padoeka Toean Sectieingenieur Waterschap Opak Progo, ing golongan personeel Djawi, dipoenwonteni pakempalan Saèka Praja wiwit woelan Augustus 1929. Déné ingkang mangagengi Padoeka Toean Sectieingenieur H. J. Rietveld Ngajodja, margi pandjenenganipoen waoe saklangkoeng tresnanipoen dateng bangsa Djawi. Déné pakempalan waoe mligi namoeng toeloengtinoeloeng; personeel waterschap manawi wonten ingkang kasripahan soepados kempalan waoe ngawontenaken derma. Sadèrèngipoen derma katarik saking sadèrèk warga padoeka toean Sectieingenieur kersa paring pitoelangan arta roemijin badé kanggé wragad, mitoeroet katahipoen arta saking warga.

Kokinipoen njonjah Landzaat angsal gandjaran.

Lelampahan pedjahipoen njonjah Landzaat ing onderneming Parnabolon: . . . . Salim kaoekoem pedjah, . . . koki ingkang mitoeloengi djiwaning noninipoen njonjah waoe, ... , . angsal gandjaran! Saking oeroenanipoen para Walandi ing ngrikoe, koki waoe angsal gandjaran grija toewin arta! Semanten oegi ingkang djaler inggih angsal épah! Baboenipoen inggih pikantoek tanda mripat awoedjoed arta djené.

Boten soesah dipoenpadosi.

Goepernoer Djawi Wétan pikantoek sirkoelèr saking Algemeene Rekenkamer asoeraos netepaken tijang ingkang gadah samboetan arta dateng nagari kirang saking f 10, boten soesah dipoenoeroes, kadjawi manawi jakin panaggihipoen temtoe pikantoek. Awit nagih makaten poenika temtoe ngedalaken ragad toer ngrerendeti padamelan!

Kaoekoem gantoeng.

Tanggal 7 September ing Poerwaredja wonten tijang kaoekoem gantoeng anama Djoerèmi, margi kasangkoet prakawis radja pedjah. Djoerèmi waoe sampoen njoewoen pangapoenten ananging boten kaparengaken.

Dajaning main.

Banten Bode njarijosaken djoeroeserat kawedanan Malingping anama Agoes Joeda Atmadja (roemijin djoeroeserat kawedanan Serang) katjepeng poelisi margi kadakwa njalingkoehaken arta kalijan djoeroeserat Serang sapoenika katahipoen f 1.900. Joedaatmadja katjarijosaken mentas main ageng-agengan.

Postwissel tilgram.

Wiwit tanggal 1 October ing ngadjeng poenika sadaja kantorpos, kadjawi ingkang namoeng sambet kalijan radio, kaparengaken nampi wissel tilgram kanggé salebeting nagari. Wiwit tanggal 1 waoe kantor pos ing Ngawi toewin Toeren kapareng nampi wissel tilgram kanggé nlgebet lan sadjawining nagari.

Nginggataken arta f 5000. kanggé ngoedja tijang èstri!

Kala 28 Agoestoes Ned. Handel Mij Soerabaja ngintoenaken aangeteekend isi arta f 5000 dateng Cultuur onderneming Pengadjaran ing Kandangan (Paré). Ingkang nampi aangeteekend waoe klerk Mas Singgih. Serat aangeteekend waoe boten kalebetaken wonten register. Dados Chef postkantoor boten mangertos manawi wonten aangeteekend samanten katahipoen, Ngertos-ngertos sareng angsal pitakèn saking Ned. Handel Mij. Sareng kaoeroes tétéla bilih M. Singgih wiwit tanggal 30 Agoestoes boten malebet Dipoenpadosi dateng grijanipoen boten wonten . . Pandjanging oeroesan: angsal katrangan M. Singgih rojal kalijan tijang èstri palanjahan ingkang njipeng wonten hotel Bandoeng ing Kawatan, nama Siti Rokajah . . . . Poelisi tilgram dateng Garoet. . . Singgih saged pinanggih. Kabaripoen ngaken sampoen ngepèk aangeteekend waoe, nanging boten isi arta f 5000. namoeng: f 3000.

Mandor D. P. M. blandjanipoen mindak.

Wohing panjaroewénipoen serat-serat kabar dateng lekasipoen para toewan besar ing Deli: kala roemijin mandor bajaranipoen f 25-f 40, sapoenika kabaripoen D.P.M. ngawontenaken patoeran blandjanipoen mandor f 30-f 50 sawoelan.